

WÈ AK FÈ

KONSIY POU BYEN SÈVI AK
PWOGRAM LAKOU KAJOU A

FICH AKTIVITE POU EDIKATÈ AK EDIKATRIS



Enfòmasyon jeneral sou kouman pou nou sèvi ak fich yo:

DVD sila a gen ladan l sis epizòd Lakou Kajou. Li mache ak yon fich pou chak epizòd. Chak nan fich yo gen yon ti rapèl toukout sou mesaj epizòd la pote pou timoun yo aprann, epi kèk aktivite edikatè ak edikatris yo ka fè pou ede timoun yo aprann pi byen ak videyo yo.

Konsèy pou aprè nou fin gade yon epizòd:

Poze timoun yo kesyon sa yo:

1. Eske gen kichòy nou ta anvè di mwen sou videyo nou sot gade a?
2. Kisa Lili ak Tilou aprann nan epizòd la?
3. Ki moso nou te plis pito nan epizòd jodi a?
4. Eske nou gen kèk kesyon nou ta renmen poze? Kilès ki ta renmen poze kesyon oswa ki ta vle di kichòy toujou sou sa nou sot gade a?

Kòd koulè ki endike objektif konesans yo

Matematik ak syans

Relasyon sosyal

Li ak ekri

Lakilti ak aktivite atistik

Lasante ak byennèt

Mwen rele Zandolin.

Mwen se vedèt yon

pwogram tele pou timoun.

Ansanm ak zanmi mwen,

Tilou ak Lili, mwen

patisipe pou ede timoun

aprann konnen.



Epizòd 2 - Jewografi

BÈL MO: JEWOGRAFI



Li fè lannwit. Tilou ak Lili kouche sou do atè nan lakou a, yap gade syèl la.

Planèt yo : gen 8 planèt nan sistèm solè a; tout diferan youn ak lòt epi chak planèt gen non pa li.

Solèy la : planèt yo ap fè wonn yon zetwal ki rele solèy.

Peyi nou : Ayiti sou yon zile li separe ansanm ak Repiblik Dominikèn.

AKTIVITE REVÈY

1. Mande timoun yo desinen yon kat zòn oswa katye yo rete a ak lakrè, atè nan sal la oswa sou yon gran fèy papyè ; oswa ak yon moso bwa atè a. Yo ka desinen divès kay: lekòl la, legliz, mache, komès, oswa pyebwa, zannimo, eks.
2. Fabrike yon modèl sistèm solè a ak papyè diferan koulè ; fè boul oswa pran tiwòch ki won, ti boul diferan gwosè pou reprezante planèt yo.
3. Kreve yon « dans solèy », kote yon moun ap jwe wòl solèy la lanmitan, 8 moun ap jwe wòl planèt yo, epi lòt yo ap reprezante zetwal yo.

Se domèn lasyans ki pèmèt etidye lemonn, jan li prezante, ak tout pèp ki viv ladann.



Se samdi, yon tifi akonpaye manman li nan mache kote manman li travay.

Kominote : Moun viv ak travay nan diferan kominote.

Travay ak okipasyon : Moun travay pou yo ka viv ak fanmiy yo.



Pouchon vle konnen kote solèy la ale kouche. Men nou konnen solèy la pas janm kouche vre; se latè ki vire do ba li pandan 12 zèdtan.

Sik lanati : yon sik se yon fenomèn kap repete tanzantan. Gen anpil sik nan lanati. [Pa egzanp, tè a k ap fè wonn tèt li, tè a kap fè wonn solèy la, lalinn lan k ap fè wonn tè a; sezon lapli ak sezon sèk ... sik dlo ki tounen vapè ki moute nan syèl e ki tonbe ankò lè gen lapli]